




Ki resous ki disponib pou EL yo?

- Gen finansman pou leson patikilye ki disponib pou “EL” (Elèv ki ap Aprann Anglè) yo ka patisipe nan pwogram avan, apre lekòl e/oubyen nan jou samdi pou leson patikilye nan Lekti, Matematik, Syans ak Syans Sosyal.
- Nou sèvi avèk pwogram òdinatè siplemantè pou K-12 ki montre fason pou pale e ki anseye ladrès debaz nan lekti/redaksyon pou elèv ESOL nivo 1 nan salklas pitit ou a.
- Nou ofri pwomnad akademik kiltirèl pou elèv imigran yo.

Kilè pitit mwen an ap soti nan pwogram “(ESOL)” (Anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang)?

- Chak ane, pitit ou a ap pran ‘ACCESS for ELs 2.0’, yon egzamen sou konpetans nan Anglè, ki gen ladan tout ladrès lang yo (koute, li, pale, ak ekri). Pitit ou a ap soti nan pwogram ESOL la si li satisfè kritè nan toude egzamen yo ‘ACCESS for ELs 2.0’ ak ‘Florida State Standards English Language Arts assessment.’



- Nou ap kontinye suiv pwogrè pitit ou a nan Anglè pou de (2) pwochen ane akademik yo apre li soti nan pwogram ESOL la.

Ki kalite sipò ki genyen pou paran Elèv ki ap Aprann Anglè yo?

- Direktè lekòl ak Asistan yo jere tout aspè nan lekòl yo. Ou ka pale avèk direktè a, asistan direktè a oubyen konseye yo konsènan nenpòt kesyon ou pa ka rezoud avèk pwofesè pitit ou.
- Vizite ‘The Parent Academy’ nan parentacademymiami.com pou ‘Bilingual Parent Outreach Program (BPOP)’ ak lòt resous.

Pou kesyon ak enfòmasyon ki pi espesifik, kontakte lekòl pitit ou a.

KOMISYON KONSÈY LEKÒL MIAMI-DADE COUNTY, FLORID

Perla Tabares Hantman, Chèmman
 Doktè Martin Karp, Vis Chèmman
 Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
 Susie V. Castillo
 Doktè Lawrence S. Feldman
 Doktè Steve Gallon III
 Lubby Navarro
 Doktè Marta Pérez
 Mari Tere Rojas



Alberto M. Carvalho
 Sipèentandan Lekòl yo

Bryce Febres
 Konseye Elèv



Gid pou Paran

*Chemen Edikasyon nan M-DCPS
 Pou “EL” (Elèv ki ap Aprann Anglè)*



Miami-Dade County Public Schools
 Division of Academics
 Department of Bilingual Education &
 World Languages



Chè paran elèv ki ap Aprann Anglè (EL), Bwochi sa a ba ou enfòmasyon enpòtan sou fason pou w ede pitit ou a reyisi akademikman. Li ap ede w pale avèk anplwaye nan lekòl pitit ou a, poze kesyon ki apwopriye, e sipòte pitit ou a nan eksperyans edikasyonèl li kòm yon Moun ki ap Aprann Anglè.

Kijan yo idantifye pitit mwen an kòm yon Moun ki ap Aprann Anglè?

- Lè w enskri pitit ou pou premye fwa nan eta Florid, y ap mande ou pou w ranpli yon “Home Language Survey” (Sondaj sou Lang yo Pale nan Kay la).
- Si yo pale yon lòt lang nan kay la ki pa Anglè, y ap bay pitit ou a yon egzamen pou evalye konpetans li nan lang Anglè.
- Si rezilta egzamen yo montre pitit ou a pa metrize Anglè, yo ap klasifye li kòm Moun ki ap Aprann Anglè e y ap mete li nan klas pou “English for Speakers of Other Languages (ESOL)” (Anglè pou Moun ki ap Aprann Anglè).

Ki moun ki ap anseye pitit mwen?

- Se pwofesè sètifye ki ap anseye pitit ou. Se pwofesè ESOL sètifye oubyen ki gen andòsman ESOL ki anseye klas metriz lang Anglè.

Ki kalite sipò ki disponib pou pitit mwen an pandan l ap aprann Anglè?

- Pitit ou a ap resevwa sipò apwopriye ki baze sou rezilta egzamen. Yo sèvi ak rezilta egzamen yo pou detèmine si elèv yo pare pou yo kite pwogram nan.
- Pitit ou a ap resevwa enstriksyon pou devlope ladrès akademik nan lang Anglè ki ap pèmèt li konprann sa y ap anseye li nan klas la.
- Gen anpil zouti dijital pou akonpaye enstriksyon an pandan e apre lè lekòl. Ou ka jwenn zouti dijital sa yo atravè pòtal elèv la.
- Anplis, pitit ou a gen dwa pou l resevwa akomodasyon pou egzamen, tankou lè adisyonèl pou l fini egzamen yo ansanm ak itilizasyon yon diksyonè ‘English/Heritage.’

Kijan m ap fè konnen pwogrè pitit mwen an nan Anglè ak lòt matyè yo?

- Nou mande pou lekòl yo ofri paran Elèv ki ap Aprann Anglè yo rapò anyèl sou devlopman pitit yo nan lang Anglè.
- Nou mande pou lekòl yo kenbe paran yo enfòme sou pwogrè pitit yo atravè rapò entèmedyè sou pwogrè elèv, kanè, ak konferans pou paran.
- Ou ka wè nòt pitit ou a atravè liv nòt elektwonik ki nan pòtal paran an oubyen aplikasyon mobil M-DCPS la.

Èske Elèv ki ap Aprann Anglè yo pa resevwa okenn sipò nan lang matènèl paran elèv la?

- Elèv ki ap Aprann Anglè yo resevwa sipò “Home Language Arts (HLA)” (Lekti/Redaksyon nan Lang yo Pale Lakay) nan Espayòl oubyen Kreyòl nan jadendanfan-5èm Ane Eskolè, pou 150 minit chak semèn.
- Yo resevwa sipò tou nan Kourikoulòm Lang yo Pale Lakay pou ESOL Nivo 1 e 2 ak elèv ki gen mwens pase dezan nan pwogram ESOL nan Matematik, Syans e/oubyen Syans Sosyal nan Espayòl oubyen Kreyòl.

Èske pitit mwen an elijib pou l enskri nan pwogram espesyal nan lekòl la?

- Elèv ki ap Aprann Anglè yo gen dwa pou yo patisipe nan tout pwogram. Sa gen ladan kou avanse (egz. Onè, Plasman Avanse, Bakaloreya Entènasyonan), pwogram pou elèv ki “gifted” (gen don) ak talan. Si yon elèv bezwen sèvis espesyal pou aprantisaj, gen pwogram Edikasyon Espesyal ki disponib tou.
- Paran yo gen dwa refize pou yo enskri pitit yo nan yon pwogram ESOL, men yo pa gen dwa refize pou yo klasifye pitit yo nan kategori Elèv ki ap Aprann Anglè.

Kijan yo evalye Elèv ki ap Aprann Anglè yo?

- Elèv ki ap Aprann Anglè yo suiv menm kòd Evalyasyon avèk sa ki pa ap Aprann Anglè yo. Elèv ESOL Nivo 1 nan Jadendanfan-5èm Ane Eskolè ki gen plis pase dezan nan pwogram ESOL la ap resevwa nòt ESOL ansanm ak nòt Lekti/Redaksyon. Nòt ESOL la dwe reflekte pwogrè nan devlopman lang Anglè, sètadi, vokabilè, koute, ak pale. Nòt Lekti/Redaksyon an dwe reflekte pwogrè akademik elèv la, baze sou estanda pou nivo ane eskolè/kou elèv la enskri ladan an.
- Elèv ki ap Aprann Anglè yo resevwa Kòmantè Nimewo 01 sou kanè yo, ki endike yo ap “Resevwa enstriksyon nan matyè sa a nan de (2) lang” e Kòmantè Nimewo 05 ki endike yo ap “Resevwa enstriksyon nan Anglè avèk estrateji ESOL.”

- Nòt elèv yo fè yo reflekte yo resevwa enstriksyon an yon fason pou mank metriz yo nan lang Anglè pa reflekte pwogrè akademik yo.

Kijan yo pwomote Elèv ki ap Aprann Anglè yo nan klas siperyè?

- Pwomosyon pou Elèv ki ap Aprann Anglè ki gen mwens pase dezan nan pwogram ESOL baze sou pèfòmans elèv la nan lang yo pale lakay li.
- Pwomosyon pou Elèv ki ap Aprann Anglè ki gen plis pase dezan nan pwogram ESOL yo dwe satisfè pèfòmans ki koresponn ak nivo ane eskolè yo.

Ki evalyasyon Elèv ki ap Aprann Anglè yo dwe pran nan nivo eta a?

- Nan Florid, chak elèv dwe patisipe nan evalyasyon estandadize ki fèt atravè eta a “Florida State Standards Assessment” nan nivo ane eskolè yo deziye yo e pou kou yo deziye yo.
- Elèv ki ap Aprann Anglè yo dwe pran tou ‘Assessing Comprehension and Communication in English State-to-State for English Learners (ACCESS 2.0 for ELs).’ Se yon egzamen anyèl ki mezire konpetans nan lang Anglè yo bay tout elèv Jadendanfan jiska 12èm Ane Eskolè ki ap Aprann Anglè.
- Nan fen chak ane eskolè, y ap sèvi ak rezilta ‘ACCESS 2.0’ yo pou kenbe pitit ou nan nivo ESOL yo ye a, monte yo nan yon nivo ESOL ki pi wo, oubyen retire yo nan pwogram nan.

